# ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫ ТАЛАБАЛАРЫН КӘСИПЛИК ТАЯРЛАЎ ПРОЦЕССИНДЕ ДҮНЬЯҒА КӨРКЕМЛИК КӨЗҚАРАСТЫ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ

**Т.В.Уразимова –** *көркем-өнер таныў илимлер кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** педагогика университетлари, касбий тайййёргарлик, замонавий таълим, бадиий таълим, тасвирий санъат.

**Ключевые слова:** педагогические вузы, профессиональная подготовка, современное образование, художественное образование, изобразительное искусство.

**Key words:** pedagogical universities, professional training, modern education, art education, fine arts.

**Кирисиў.** Педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабалардың көркем дүньяға көзқарасын раўажландырыў олардың кәсиплик өзлигин қәлиплестириў, педагогикалық жумысқа тәсир көрсетиў, бәркамал шахсты қәлиплестириўде әҳмиетли ўазыйпа есапланады. Көркем дүньяға көзқарас көркем өнерге байланыслы көзқараслар, түсиниклер, баҳалар системасын өз ишине алады ҳәм талабаға көркем өнер дөретпелерин түсиниў, талқылаў, педагогикалық әмелиятта көркемлик қуралларынан пайдаланыў имканиятын береди. Бул мақала мине усы машқалаға бағышланған.

Дүньяға көркемлик көзқарасты раўажландырыў көплеген илимлердиң: философияның, социологияның, психологияның, педагогиканың, көркем өнерди изертлеў илиминиң, эстетиканың – изертлеў предмети болып табылады. Бизиң кишигирим изертлеўимиз сүўретлеў ҳәм әмелий безеў өнери шығармалары менен тиккелей танысыў материалында талабалардың дүньяға көркемлик көзқарасының раўажланыўына тийкарланады.

**Тийкарғы бөлим.** Педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларын кәсипке таярлаў процесинде көркем дүньяқарасын раўажландырыўды изертлеў методологиясы изертлеўдиң мақсет ҳәм ўазыйпаларын анықлаў, теориялық жантасыўларды таңлаў, мағлыўматларды жыйнаў ҳәм анализлеў усылларын, изертлеў процедураларын тәрийиплеўди өз ишине алады. Көркем дүньяға көзқарастың өзине тәнлигин есапқа алыў керек, ол ҳәр қыйлы факторлар тәсиринде қәлиплесетуғын қурамалы, көп қырлы қубылыс есапланады. Бунда педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларын кәсипке таярлаў процессинде көркем дүньяқарасты раўажландырыўды изертлеў методологиясы изертлеў обектиниң өзине тәнлигин есапқа алатуғын ҳәм көркем дүньяқарасты қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў ҳаққында бир пүтин түсиникке ийе болыў имканиятын беретуғын ийкемлесиўшең ҳәм бейимлесиўшең болыўы керек.

Көркем өнердиң дөретиўшилик тәбияты, көркем искерликтиң эвристикалық сыпатламалары көп түрлилиги, жаңалықтың, айрықшалықтың, сийрек ушырасатауғын уникаллықтың бириншилиги, өзгерислердиң ҳәм жекке өзине тән көрсетилиўлердиң шексиз еркинлиги, асссоциациялы-образлы тәбияты, қызғын сезимли тәсирлилик инсанның тәбиятына сәйкес келеди.

Кәсиплик таярлық процессинде талабалардың дүньяға көркемлик көзқарасының раўажланыў процессин қарап шыға отырып, биз инсанның қәлиплесиўине эстетиканың тәсирин есапқа алдық. Усыған байланыслы биз эстетикаға эстетикалық тәрбияның теориясы сыпатында, эстетикалық педагогикаға сүўретлеў ҳәм әмелий өнерге оқытыў процессинде инсанның дүньяға көркемлик көзқарасының раўажланыўына тәсир көрсетиўши, әҳмийетли қурам бөлек сыпатында дыққат қаратамыз.

Инсанның қәлиплесиўиндеги, оның ҳәр тәреплеме раўажланыўындағы эстетикалық тәрбияның ролин артық баҳалаў қыйын. Пүткил тарийх даўамында адамның өмириндеги ҳәм искерлигиндеги гөззаллықтың әҳмийети айырып көрсетилип киятыр. Гөззаллықтың ҳәм ҳақыйқатлыққа эстетикалық қатнастың элементи сыпатындағы көркем өнердиң адамға тәсири айрықша уллы ҳәм көп түрли. Ол инсанның санасының ҳәм сезимлериниң, оның көзқарасларының ҳәм исенимлериниң раўажланыўына жәрдем етеди, әдеп-икрамлылықтық қәлиплесиўинде үлкен роль ойнайды, адамның руўхый көтерилиўи ушын жағдайлар жаратады.

Адамның ҳақыйқатлықты эстетикалық өзлестириўи тек ғана бир көркем өнер тараўындағы искерлик пенен шекленип қалмайды, сол ямаса басқа формада ол ҳәр бир дөретиўшилик искерликте қатнасады. Басқаша айтқанда, адам тек ғана ол көркем өнер шығармасын тиккелей жаратқан ўақытта, өзин поэзияға, живописке ямаса саз өнерине арнаған ўақытта сүўретши болып қалмайды. Эстетикалық негизлер адамның мийнетиниң өзинде, оның әтираптағы, қоршап турған дүньяны ҳәм өзин өзгертиўге қаратылған искерлигинде әзелден сиңдирилген.

Инсанның эстетикалық тәрбиясы объективли ҳақыйқат қарама-қарсылықларды ҳәм субъективлик сәйес келмеўшиликлерди шешиў жолы менен иске асырылады. Тийкарғы қарама-қарсылық сол себеби келип шығады, гөззаллықты түсиниў, ҳақыйқый өмирге ҳәм көркем өнерге эстетикалық қатнас мүмкиншиликлери ҳәм зейинлиликлери адамға тәбият тәрепинен ол туўылған ўақыттан бериледи. Соның менен бирге бул зейинлиликлер тек ғана мақсетли, шөлкемлестирилген көркем-эстетекикалық билимлендириў ҳәм тәрбия жағдайында ғана толық дәрежеде иске асырылыўы мүмкин.

Бул системаны ҳәрекетке келтириўши дүзилис – көркем-эстетикалық қубылысларды эстетикалық қабыл етиў, өзлестириў ҳәм үйрениў; көркем өнерлер тийкарында руўхый байланыс; адамның уқыплылықларын раўажландырыўшы ҳәм оларда дүньяны көркемлик көзқарастан көриўди қәлиплестириўши көркем-дөретиўшилик искерлик болып табылады.

Дүньяға көркемлик көзқарастың раўажланыў процесси, сөзсиз, эстетикалық тәрбияның қурамына кириўши бөлеги болып табылады. Солай екен, дүньяға көркемлик көзқарас тутасы менен алғандағы көркем өнер системасы: көркем өнердиң сүўретлеў ҳәм әмелий

безеў түрлери, саз өнери, театр, әдебият жәрдеминде болғаны сыяқлы, тап сондай-ақ адамның эстетикалық шөлкемлестирилген орталығы менен де қәлиплеседи. Хәм биринши гезекте дүньяға көркемлик көзқарастың раўажланыўына көркем өнердиң көз бенен көриўге болатуғын объектлери тәсир көрсетеди. Сонлықтан, биз, барлық гармониялы үйлестирилген, көз бенен көриўге болатуғын дүзилислердиң арасында, дүньяға көркемлик көзқарастың раўажландырылыўы мәселелерине сүўретлеў өнери шығармалары толығырақ жуўап береди деп айта аламыз. Сүўретлеў өнериниң оғада үлкен тәрбиялық мүмкиншик потенциалы, гүмансыз, эстетикалық тәрбияның өзиниң тийкары болып табылады, хәм сондай-ақ өзин қәлеген басқа тәрбиялық процесстиң күшейтиўшиси сыпатында көрсетеди.

Бирақ бүгинги күни хәзирги заман педагогикасы көбинесе сүўретлеў өнериниң айырым түрлери хәм оның көзқараслы аспектлери мәселелери менен қызығады. Талбалардың дүньяға көркемлик көзқарасын раўажландырыўдағы сүўретлеў өнери шығармаларының бирлестирип интегргацияланған роли мәселелери жеткиликли дәрежеде көрсетилмеген.

Жоқарыда айтылғанларға тийкарланып, биз бүгинги күни, педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларына қолланылыўы бойынша дүньяға көркемлик көзқарастың қәлиплестирилиўи хәм раўажландырылыўы машқаласының үйренилгенлигиниң жағдайының жеткиликли дәрежеде емес екенлигин көрсете аламыз. Буннан тысқары хәр түрли авторлардың изертлеўлери көбирек дәрежеде дүньяға көркемлик көзқарастың қәлиплесиўи хәм раўажланыўының дәслепки шәртлерине емес, ал эстетикалық тәрбияның улыўма көзқарасларына байланыслы. Қосымша ретине дүньяға көркемлик көзқарастың раўажланыў дәрежесин баҳалаўдың өлшеў белгилерин, оның дүзилисин хәм ең баслысы оқытыўшыны кәсиплик-педагогикалық таярлаўдағы ислеўиниң, оны изертлеўдиң методикаларын хәм раўажланыўының дәслепки шәртлерин изертлеўдиң де жеткиликсизлигин атап өтиўге болады [1:34-36].

Усыған байланыслы талабларды кәсипке таярлаў процессинде дүньяға көркемлик көзқарасты раўажландырыўдың зәрүрлиги хәм атап көрсетилген машқаланың толық хәм ең баслысы дүзилисли (тәртипке салынған) ислеп шығылыўының жоқлығы себепли келип шығатуғын қарама-қарсылық пайда болады. Солай екен, бул туўры келмеўшилик төмендегилер себепли келип шығады:

- хәзирги заман жәмийетиндеги инсанның эстетикалық тәрбиясын нәтийжели иске асырыўға уқыплы болған, қәлиплескен дүньяға көркемлик көзқарасқа ийе оқытыўшыға мүтәжликтиң бар болыўы;
- талабаларды болажақ кәсиплик искерликке таярлаўға байланыслы илимий әдебиялардың хәм оларда ислеп шығылған хәр түрли теориялардың үлкен көлеми хәм соның менен бирге талабалардың дүньяға көркемлик көзқарасларын мақсетли хәм комплексли раўажландырыў процессин илимий-методикалық тәмийинлеўдиң жеткиликсизлиги;
- талабалардың дүньяға көркемлик көзқарасларын раўажландырыўдағы сүўретлеў өнери усылларының бар мүмкиншилилери хәм ең баслысы болажақ қәнигелерди кәсипке таярлаў процесинде олардан толық пайдаланыў мүмкиншиликлери.

Айтып өтилгенлерди есапқа ала отырып, педагогикалық жоқары оқыў орны талабаларында дүньяға көркемлик көзқарасты раўажландырыўдың тийкарғы мазмунын, дүзилисин, психологиялық-педагогикалық дәслепки шәртлерин комплексли изертлеўди өткериў зәрүр.

Сонлықтан, талабалардың дүньяға көркемлик көзқарасларын раўажландырыўды табыслы күшейтиў ушын төмендегилер зәрүр:

- өзлестириўдиң хәм мәнисине жетип түсиниўдиң кереклигиниң себеплерин қәлиплестириўге тәсир ете алатуғын, терең миллий негизлерге жуўап беретуғын, хақыйқый живопислик, мүсиншилик хәм графикалық шығармалардан пайдаланыў;
- сүўретлеў өнери шығармаларын өзлестириўге тиккелей тәсир ететуғын сыртқы хәм ишки рецептивлик дүзилислерди қәлиплестириў хәм раўажландырыў;
- хәм ең соңында, тийкарғысы, инсанның психологиялық қәсийетлерин түсиниўдиң тийкарғы усылы сыпатындағы көркемлик образдың түсиндирилиўи.

Унамлы нәтийжелерге ерисиў ушын төмендегилер зәрүрли:

- Изертлеўдиң машқаласы бойынша барлық (философиялық, психологиялық-педагогикалық, көркем өнерди изертлеўшилик) әдебиятлардың теориялық таллаўын өткериў;
- «Дүньяға көркемлик көзқарас» түсинигиниң тийкарын, мазмунын хәм дүзилислик қурам бөлеклерин ашып көрсетиў хәм ең тийкарғысы, оның педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларында раўажланыўының психологиялық-педагогикалық алдыңғы шәртлерин ислеп шығыў.

Педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабадарын кәсипке таярлаў процессинде көркем дүнья қарасының раўажланыўын талқылаў тарийхта хәм түрли халықларда көркем өнерде сәўлеленген дүнья қарасларының қәлиплесиўи хәм өзгериўин үйрениўди нәзерде тутады. Бунда хәр түрли дәўир хәм бағдардағы сүўретшилердиң хақыйқатлықты қалай түсинип жеткенлиги, олардың дөретиўшилигинде жәмийетлик қәдириятлар қалай сәўлеленгенлиги хәм қәлиплескенлиги, көркем өнер дөретпелери тамашагөйлер тәрепинен қалай қабыл етилгенлиги хәм талқыланғанлығы изертленеди. Көркем дүньяға көзқарастың раўажланыўын анализлеў тийкары төмендегилерди қурайды: көркем дүньяқарастың мазмуны; көркем дүньяқарастың көринис формалары; көркем дүньяқарастың басқа формалары менен байланысы; тарийхый контекст; мәдений контекст; қабыл етиў хәм талқылаў. Педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларын кәсипке таярлаў процессинде көркем дүньяқарасты раўажландырыўды изертлеў көркем өнер, мәденият хәм жәмийет арасындағы байланыслылықты тереңирек түсиниў имканиятын беретуғын көркем өнертаныў, мәденият таныў хәм философияның әхмиетли бағдары болып есапланады.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, көркем дүньяқарасты раўажландырыў болажақ педагогларды

кәсиплик таярлаўдың ажыралмас бөлеги есапланады. Ол билим бериў менен бирге, гөззаллықты сезе алатуғын, дөретиўшилик пенен пикирлей алатуғын, жәмийеттиң мәдений турмысында белсенди қатнасатуғын бәркамал шахсты тәрбиялай алатуғын муғаллимниң қәлиплесиўине хизмет етеди. Елимиздиң социаллық, экономикалық ҳәм сиясий тараўларында соңғы он жыллықта жүз берген әҳмийетли өзгерислер, сөзсиз, билимлендириўге де өзиниң тәсирин тийгизди. Ҳәзирги заман жасларының ҳәм соның ишинде талабалардың да, қунлылықлы бағдарлары, олардың билим алыўға умтылдырыўшы себеплери, кәсип таңлаўға қатнаслары ҳәм көплеген басқалар өзгерди. Сонлықтан жаңа педагогикалық технологияларды ислеп шыға отырып, билимлендириўдиң социомәдений орталығын басқарыў системасын жетилистире отырып ўақыттың талабына жуўап беретуғын, жаңа әўлад қәнигелерин қәлиплестириўдиң дәслепки жағдайларын есапқа алыў, олардың улыўма сыяқлы, тап сондай-ақ арнаўлы уқыплылықларын да раўажландырыўдың механизмлерин ашып көрсетиў зәрүр. Айтып өтилгенлерге байланыслы, оның ўазыйпасына биринши гезекте, эстетикалық цикл пәнлери арқалы көркем өнерге тартыў ҳәм дүньяға көркемлик көзқарасты қәлиплестириў киретуғын тәбийғый социаллық институт сыпатындағы педагогикалық жоқары оқыў орнының роли анық ашылып көрсетиледи.

Бизиң заманымыз – мағлыўматлы технологиялар заманы – өзиниң күш қуўатын жәмийеттиң ийгилиги ушын жумсайтуғын, үйренишикли үлги бойынша ойламайтуғын, дөретиўши адамларды талап етеди. Сонлықтан, ҳәзирги заман билимлендириўиниң тийкарғы мәселеси дөретиўши, ғәрезсиз, еркин инсанды тәрбиялаў болып табылады, себеби атап айтқанда дөретиўши адам адамзаттың алға илгерилеп өсиўин белгилейди.

**Әдебиятлар**

1. Шапинская Е.Н., Иванов С.А., Киященко Н.И. Образование и искусство в формировании целостной личности. – М.: Школа-Вуз-Академия, 2002.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола педагогика олий ўқув юртларида тасвирий ва декоратив амалий санъат йўналиши бўйича касбай тайййёргарлик масалаларида ҳамда ўқув жараёнида талабаларнинг бадиий ривожланиши жараёнига бағишланган. Юқоридагилар билан боғлиқ ҳолда тасвирий санъати замонавий баркамол шахс, ҳар томонлама ривожланган, билимли, илгор, юксак маънавиятли, меҳнат қобилиятига эга, ҳаёт гўзаллигини яратишга интилиш ва англашнинг асосий воситаларидан бири деб биламиз.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам профессиональной подготовке в области изобразительного и декоративно-прикладного искусства в педагогических вузах, а также процессу художественного развития студентов в процессе обучения. В связи со сказанным изобразительное искусство рассматривается нами как одно из основных средств воспитания современной гармоничной личности, всесторонне развитого человека, образованного, прогрессивного, высоконравственного, обладающего умением трудиться, желанием творить и понимающего красоту жизни.

**SUMMARY.** The article is devoted to the issues of professional training in the field of fine and decorative and applied arts in pedagogical universities, as well as the process of artistic development of students in the learning process. In connection with the above, fine art is considered by us as one of the main means of educating a modern harmonious personality, a comprehensively developed person, educated, progressive, highly moral, possessing the ability to work, the desire to create and understanding the beauty of life.

## OQÍWShÍLARDA KOMMUNIKATIVLIK PROCESTIŃ DIDAKTIKALÍQ ÓZGEShELIKLERI HÁM ONDA QOLLANÍLATUǴÍN DIALOG TEXNOLOGIYASÍNÍŃ QURAMÍ HÁM XARAKTERI

**B.K.Utemuratov –** *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagogikalıq sheberlik orayı*

**Tayanch so‘zlar:** dialog, sotsium, o‘qituvchi, o‘quvchi, kommunikatsiya, kompetensiya, texnologiya, metod, pedagogika, psixologiya.

**Ключевые слова:** диалог, социум, учитель, ученик, коммуникация, компетенция, технология, метод, педагогика, психология.

**Key words:** dialogue, socium, teacher, student, communication, competence, technology, method, pedagogy, psychology.

**Kirisiw.** Sabaqlarda awızeki hám jazba kommunikaciyaǵa tiyisli kompetenciyalardıń qáliplesiwi kommunikativ jaǵdaylar járdeminde ámelge asırıladı. Bunda rolli, iskerlik oyınları hám de treninglerden paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Oqıwshılardıń is qaǵazların rásmiylestiriw kónlikpelerin bahalaw, olardıń sociallıq hám kommunikativ kompetenciyaların bahalawǵa tiykar boladı. Oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyaların bahalawda kommunikativ testlerden paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı. Bunday testler tapsırmalardı durıs orınlawdı talap etedi hám de sóylew jaǵdayların maqsetke muwapıq túrde qáliplestiriw múmkinshiligin beredi. Kompetenciyalıq qatnas tiykarında shólkemlestirilgen pedagogikalıq proceslerdiń ózine tán ózgesheligi sonda, olar dóretiwshilik xarakterge hám emocionallıq boyawǵa iye boladı. Sabaqtıń dáslepki basqıshında muǵallim oqıwshılar menen kommunikativ qatnas ornatıp, unamlı jaǵdaydı jaratadı. Nátiyjede klass jámááti arasında unamlı ortalıq támiyinlenedi. Bul bolsa doslıq kommunikaciya ushın tiykar jaratadı. Oqıtıwshılar qaysı usıldan paydalanıwına qaramastan oqıwshı arasında iskerlik baylanısqa tiykarlanǵan kommunikativ ortalıqtı qáliplestire alıwı úlken áhmiyetke iye. Bul maqsetke erisiw ushın sóylew shınıǵıwlarınan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Bunıń ushın elektron qurılmalardan paydalanǵan halda quslar, teńiz tolqınlarınıń seslerin oqıwshılarǵa tıńlatıw, janlı muzıkalardan paydalanıw talap etiledi.

Oqıwshılar bir-biri menen sálemlesip óz ara dialogqa kirisedi. Olarda kommunikativ iskerlik usılların qáliplestiriw hám de oqıw procesiniń dialogqa tiykarlanıwı kompetenciyalıq qatnasqa tiykarlanǵan pedagogikalıq